

Ou jwenn yon papye ki di w pri kay la ap monte

A. Papye tenbre an:

- fòk li sou fòm ekri ;
- li dwe nan menm lang ak kontra lokasyon kay la;
- li dwe di w konbyen kòb l ap ajoute, fòk li di w ou gen yon mwa pou refize, fòk li di w pri kay la monte epi fòk li di w lòt chanjman li vle fè nan kontra a.

B. Tan ki nesèsè pou voye papye a pou ou:

- 3 a 6 mwa anvan kontra kay la fini, si se yon kontra pou yon lane ou plis;
- 1 a 2 mwa anvan kontra kay la fini, si se yon kontra pi piti ke yon lane;
- 1 a 2 mwa anvan dat mèt kay la ta renmen fè chanjman an, si kontra a pa gen dat pou l fini oubyen se yon kontra nan bouch;
- 10 a 20 jou anvan kontra a fini, si se yon chanm kay ou lwe. Se 10 a 20 jou tou, si kontra a pa gen dat pou l fini oubyen si se yon kontra nan bouch;

Pa bliye: mèt kay la ka monte pri kay yon sèl fwa nan ane a.

... si w pa jwenn papye ki di pri kay la ap monte?

Si w pa vle kite kay la:

Papye kay la ap renouvle pou kont li e w pa gen anyen pou di mèt kay la.

Ou vle bwote:

Fòk ou voye yon papye bay mèt kay la pou di l « w ap bwote ». Papye sa a dwe rive jwenn li pa lapòs e fòk li siyen.

Ou gen 3 bagay ou ka fè: Refize, aksepte, bwote

DI NON, se fasil!

Fòk ou voye yon lèt bay mèt kay la pou di l : « mwen vle ret nan kay la, men m pa dakò pou pri a monte ».

Fòk ou fè fotokopi lèt sa a pou voye l pa lapòs rekòmande.

Pa bliye: fòk ou bay repons ou an yon mwa apre w fin resevwa papye mèt kay la.

Kijan pou w fè konnen si pri mèt kay la mande a twòp?

Fòk ou konnen pousantaj reji lojman an di, pousantaj taks vil la, pri gwo reparasyon mèt kay la te fè, elatriye.

Komite lojman oubyen asosiyasyon lokatè bò lakay ou ka ba w yon kout men pou ou ka pran yon bon desizyon.

AKSEPTE

Si w pa reponn mèt kay la, papye kay la ap renouvle pou kont li ak nouvo kondisyon mèt kay la te voye nan papye a. RCLALQ mande pou w refize tout ogmantasyon ki twòp.

BWOTE

Fòk ou reponn mèt kay la pa lapòs rekòmande yon mwa apre w resevwa papye ki di kay la ap monte.

Si w di NON. Kisa k ap pase?

2 bagay ka rive:

1. Mèt kay la ka eseye machande avè w. Si nou antann nou, li dwe ekri l sou papye, men li enpotan anpil pou w pran yon jou pou w reflechi anvan w siyen papye antant lan.
2. Mèt kay la ka decide mande tribinal la (reji lojman) pran desizyon si pou kay la monte ak chanje kondisyon yo.

Ou gen yon mwa aprè ou resevwa papye ki di pri kay la ap monte pou w jwenn yon antant oubyen pou mèt kay la al devan tribinal. Si youn ou lòt bagay sa yo pa fèt nan mwa a, papye kay la ap renouvle ak menm kondisyon yo.

Ou gen dwa di non, se sa lalwa di. Lalwa entèdi mèt kay la mete w deyò si w di ou w pa dakò pou kay la monte.

Mèt kay la chanje kondisyon yo,

egz: chofaj pa ladan l ankò, ou pa gen dwa al nan lakou an ankò, elatriye.

Ou gen dwa fè menm jan ak lè mèt kay la vle monte pri an. Fòk ou bay repons ou yon mwa apre w resevwa papye a:

« m pa p bwote, men m pa dakò pou kondisyon yo chanje »

Oubyen:

« m pa p bwote, men m pa dakò pou pri kay la ni pou kondisyon yo chanje »



**REGROUPEMENT DES
COMITÉS LOGEMENT ET
ASSOCIATIONS DE LOCATAIRES
DU QUÉBEC**

RCLALQ ap batay pou:

Yon kontwòl pri kay egal ego e obligatwa pou tout moun

- Kontwòl pri kay se batay pou lapovrete sispann;
- Tout moun gen dwa gen kay pou yo rete;
- Fò n ka kontwòl pouwva mèl kay yo.

Yon rejis pri kay

- Pou anpeche mèl kay yo monte pri kay yo twòp;
- Pou n ka konnen konbyen kòb moun ki te la anvan an te peye;
- Pou n ka gen zouti poun diskite pri kay la ak defann dwa nou jan lalwa prevwa.

RCLALQ ap batay pou n gen kay ki pa chè e an bon eta.


Lòt batay sosyal n ap mennen.

RCLALQ gen anpil lòt revandikasyon pou chanje lavi lokatè:

- Amelyore dwa lojman;
- Pwoteje dwa moun genyen pou ret nan menm kay la toutotan l vle epi pwoteje kantite kay ki genyen pou lwe;
- Mete sou plas yon kod lojman pou tout pwovens lan;
- Diminye tan pou pase nan tribinal lojman an;
- Mete lwa pou kontwòl aktivite chèche kay pou batay kont diskriminasyon lakatè ka sibi.

rclalq.qc.ca

Rele komite lojman oubyen asosyasyon lokatè bò lakay ou.



WNO

**OU GEN DWA PA DAKÒ
MÈL KAY LA
MONTE PRI KAY LA**

Mwen dakò
Mwen pa dakò
M ap bwote



**REGROUPEMENT DES
COMITÉS LOGEMENT ET
ASSOCIATIONS DE LOCATAIRES
DU QUÉBEC**

1-866-521-7114
rclalq.qc.ca